



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2 MILYA DOLA ISTORIK NAN SIBVANSYON GADRI
POU SIPÒTE FANMI KI GEN REVNI BA EPI K AP TRAVAY EPI FOUNISÈ GADRI
YO.**

7 milya dola finansman nan gadri nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a

***Limit revni pou sibvansyon gadri yo ap ogmante, sa ki fè yon kantite san
presedan jèn timoun nan Eta New York elijib***

***Eta a obsève yon kantite repons rekò ki soti kote founisè yo ki sitiye nan dezè
gadri yo, k ap resevwa 1,700 aplikasyon pou sibvansyon pou etabli nouvo
pwogram gadri yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pi gwo investisman nan sibvansyon gadri yo nan istwa Eta New York pral distribiye—2 milya dola pou ogmante kantite fanmi k ap resevwa asistans finansye pou gadri ak kantite yo peye founisè gadri yo pou sèvis esansyèl yo. 2 milya dola nan sibvansyon gadri yo gen ladan 894 milyon dola nan nouvo finansman Sibvansyon Global Gadri Eta New York te adopte nan Bidjè Eta resan an, plis pase 500 milyon dola nan fon te distribiye anvan sa bay depatman distri sèvis sosyal yo ki rete san depans ak plis pase 600 milyon dola nan finansman pou pandemi COVID-19 ki egziste. Nan kad patisipasyon san presedan 7 milya dola Gouvènè a pou gadri pandan kat pwochen ane yo, investisman sa yo bay fanmi yo sipò endispansab, pandan sa ap ranfòse rekiperasyon ekonomik New York.

"Mwen konnen dirèkteman kijan yon mank gadri ka afekte karyè ou, fanmi ou ak avni ou, kòm yon manman travayè lè mwen te oblije kite travay mwen pou pran swen timoun mwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman istorik sa yo nan sistèm gadri Eta New York la pral pèmèt nou fòje yon nouvo wout pou paran yo, espesyalman manman yo. Se sa ki kòrèk nou dwe fè a epi pral estimile rekiperasyon ekonomik nou epi sipòte fanmi k ap travay yo. Gadri se yon sèvis esansyèl, epi nan New York, nou pral kontinye fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire plis fanmi k ap travay gen aksè ak li".

Finansman an, ke Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la jere, pral elaji nivo kalifikasyon inisyèl pou fanmi yo nan mwa out 2022 jiska 300% nan nivo federal povrete (83,250 dola pou yon fanmi kat),

ogmante apati 200%, k ap elaji elijibilite pou plizyè santèn milye jèn timoun nan New York.

Anons finansman sibvansyon OCFS la fè swivi ak dènye liberasyon 30 milyon dola li nan finansman sibvansyon federal pou elaji pwogram gadri ki gen lisans, ki anrejistre oswa otorize nan zòn nan eta a ki pa gen ase plas nan gadri, ke yo konnen kòm dezè gadri. Fon sa yo, ki fè pati inisyativ dezè gadri 100 milyon dola ki apwouve nan Bidjè Adopte 2021 an, ap disponib atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an. Plis enfòmasyon ak yon demann aplikasyon yo disponib [isit la](#). Lòt eleman nan finansman pou dezè gadri a, vo 70 milyon dola, ki te ouvri nan mwa avril.

Nan dat limit aplikasyon an yè, OCFS te resevwa plis pase 1,700 aplikasyon nan men moun ki gen espwa etabli nouvo pwogram gadri nan zòn Eta New York ap fè fas ak mank enpòtan nan gadri nan kad 70 milyon dola ki disponib nan bidjè adopte 2021 an. Plis pase mwatye nan soumasyon sa yo sible dezè gadri nan Vil New York. Fon sa yo, ki disponib atravè Lwa sou Plan Sekou a, pral ede founisè gadri nan katye defavorize yo etabli pwogram gadri; kouvri depans inisyativ ak pou pèsònèl yo; rekrite, fòme ak kenbe pèsònèl la; epi sipòte pèsònèl la pou jwenn aksè ak vaksen COVID-19 ak dòz rapèl yo. Anons prim yo prevwa kòmans nan semèn k ap vini yo.

Nan kòmansman mwa avril la, Gouvènè a te anonse gwo investisman nan gadri pami gran pwen nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a, double sipò New York pou sibvansyon gadri. Eta New York ap investi 7 milya dola pandan kat ane, sa ki reflekte aksè nan gadri bon kalite enpòtan pou timoun, fanmi yo ak rekipasyon ekonomik nan tout eta a. Bidjè Eta a elaji tou aksè nan gadri bon kalite nan ogmante to mache gadri a pou ajoute 80yèm pèsantil to founisè yo nan mwa jen 2022. Chanjman sa a pral elaji opsyon gadri ki disponib yo pou fanmi k ap resevwa asistans gadri epi an menm tan ap ogmante ranbousman yo pou founisè gadri yo. Ogmantasyon sa fè Eta New York tounen yon lidè nasyonal konsènan to peman yo.

Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila Poole, te deklare, "Nou kontan anpil pou finansman san presedan sa pou asistans gadri. Sa mete aksan sou enpòtan aksè gadri pou fanmi nou yo. Yo merite sa, epi founisè nou yo merite sa. Pandemi an te fè ravaj nan endistri sa, epi chanjman sa yo pral ede sipòte sila yo ki plis bezwen li epi pral ede founisè nou yo ankò plis".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Kòm Lidè Majorite, mwen te pwomèt mwen ta pral founi finansman solid New York te bezwen pou tounen pi djanm ke jamè apre pandemi an, epi kounye a, gras ak Plan Sekou Ameriken an, New York kapab fè pi gwo investisman nan gadri nan istwa eta a. Investisman sa vle di fanmi ki gen difikilte yo pral jwenn asistans finansye yo bezwen, plis ed pou founisè gadri yo epi elimine dezè gadri yo. Gadri abòdab esansyèl pou rekipasyon ekonomik nou epi mwen fyè dèske mwen te founi finansman pou rann nouvo istorik jodi a posib".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Tankou pifò peyi nou an, New York ap fè fas ak yon kriz gadri". "Gadri abòdab bon kalite pa disponib pou twòp paran, espesyalman nan

katye ki defavorize yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske pran mezi enpòtan sa pou fè gadri vin pi aksesib epi mwen fyè pou m te batay pou adopte Plan Sekou Ameriken an, ki te ede fè investisman istorik sa posib".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Peyi nou an toujou santi difikilte finansye akòz COVID-19 epi enpak sou sistèm gadri espesyalman te kite anpil paran boulvèse epi san gadri abòdab, aksesib. Kòlèg demokratik mwen yo ak mwen menm te pran gwo mezi pou atake kriz sa ak sipòte timoun yo ki nan bezwen, sa gen ladan elaji Kredi Taks pou Timoun ki prezante atravè Plan Sekou Ameriken an. Rediksyon taks sa te ede 3.3 milyon timoun nan Eta New York poukont li. Pandan n ap kontinye founi soulajman, anons jodi a pral jwe yon wòl enpòtan nan sipòte paran ki travay di yo pandan y ap pran swen fanmi yo ak ranfòse ekonomi nou an".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Founisè gadri yo esansyèl pou siksè ak byennèt fanmi k ap travay yo atravè New York. Youn nan anpil leson nou te aprann pandan kriz sante piblik la se ke nou pa kapab fè fanmi yo pwogrese si nou kite founisè gadri yo dèyè. Mwen felisite Gouvènè Hochul nan anons jodi a pou investi plis nan sèvis gadri ak sipò pou fanmi yo nan eta a. Investisman san presedan sa pral ofri yon gwo nivo sipò pou founisè gadri yo epi asire yo kapab bay sèvis nesèsè fanmi yo bezwen".

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud te deklare, "Anons jodi a reflekte gwo travay Gouvènè a ak lejislati a pou investi nan fanmi New York ak sektè gadri a. Dezè gadri yo se pa akòz demann men se akòz mank investisman. Bidjè ane sa non sèlman elaji kalifikasyon pou anpil lòt fanmi men tou gen ladan gwo finansman pou founisè ki nouvo ak egziste yo pou ede satisfè demann pou swen k ap ogmante yo".

Manm Asanble Andrew Hevesi te deklare, "Mwen trè fyè de sa nou te atenn nan bidjè eta ane sa epi mwen felisite Gouvènè Hochul, Komisè Poole ak tout moun nan OCFS pou aksyon rapid yo nan pote fon sa yo bay sila yo ki bezwen yo. Elaji kalifikasyon pou sibvansyon, finansse nouvo pwogram nan dezè gadri, ak ogmante to ranbousman pou founisè yo pral pote gadri pou plizyè milye timoun ak fanmi ki te gen difikilte e ki te rete san li. Mwen pa ka tann pou m apiye sou viktwa sa yo pou asire chak timoun jwenn swen epi prepare pou siksè".

Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Antonio Reynoso, te deklare, "Gadri se youn nan preyokeyasyon finansye prensipal nenpòt fanmi. Mwen kontan Gouvènè Hochul ap fè investisman sa ki pral rann li pi fasil pou fanmi yo jwenn swen fyab ak san danje pou timoun yo. Kòm yon paran mwen ye, mwen konnen kijan jwenn gadri difisil ak dekourajan. Sila yo ki gen otorite pou fè investisman enpòtan epi ki chanje lavi tankou jodi a gen potansyèl pou chanje lavi moun, pèmèt fanmi yo devwe tan yo pou travay oswa kontinye edikasyon ak fòmasyon ki pral pèmèt yo grandi".

Pou plis enfòmasyon sou finansman sa oswa sou Pwogram Asistans pou Gadri a, fanmi ak founisè yo dwe kontakte [depatman sèvis sosyal lokal yo a](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)